2. Урумбаев Ж. Очерки истории школ Каракалпакстана. – Нукус: "Каракалпакстан", 1974.
3. Чернобельская Г.М. Методика обучения химии в средней школе. –Москва: «Владос», 2000.

**РЕЗЮМЕ**

Ушбу мақолада кимё фанининг фан сифатида шаклланиши, кимё фани бўйича дастур ва биринчи дарсликларни ишлаб чиқиш тарихи келтирилган. Қорақалпоғистонда умумтаълим мактабларида ўқитишнинг олиб борилиши ва кимё фанининг ўқитилиши тарихи келтирилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье описывается становление химии как науки, разработка программ по химии и говорится также о первом учебнике по химии. Делается обзор по истории преподавания химии в общеобразовательных школах Каракалпакстана и о состоянии преподавания химии сегодня.

**SUMMARY**

The author of the article describes the development of chemistry as a science, the development of chemistry programs and the first textbook in chemistry. There is a review on the history of teaching chemistry at general educational schools of Karakalpakstan and the teaching of chemistry today.

**УДК:371.036:1702**

## ҚАРАҚАЛПАҚ ХАЛЫҚ ДӘСТАНЫ «ШАРИЯР»ДАҒЫ ШАҢАРАҚ ТӘЛИМ-ТӘРБИЯСЫ ҲАҚҚЫНДА ЭТНОПЕДАГОГИКАЛЫҚ КӨЗҚАРАСЛАР

**Е.К.Алламбергенов** – *еркин изленийши*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** миллий қадрият, этнопедагогика, инсон манфаатлари, инсон эркинлиги, достон ва халқ таълим-тарбияси, «Шарияр» достони, оила тарбияси, ёш ўсмир қизларни турмушга тайёорлаш масаласи.

**Ключевые слова:** национальные ценности, этнопедагогика, потребности человека, свобода личности, дастан и общеобразовательное воспитание, эпос «Шарьяр» воспитание в семье, вопросы подготовки девочек-подростков к браку.

**Key words:** national values, Ethnopedagogy, human needs, freedom of a person, dastan and folk education and upbringing, epos «Shariyar», family education, issues of preparing girls-teenagers to marriage.

Ҳәзирги дәўирде Өзбекстан Республикасында «Инсан мәплери ҳәмме нәрседен жоқары» деген уллы идея Президентимиздиң басламасы менен мәмлекетлик сиясатқа айланып атырғанлығы күнделикли турмыс мысалында өз тастыйығын таппақта. Мысалы, Президент Ш.Мирзиёев басламасы менен 2017-2021-жылларда Өзбекстан Республикасын раўажландырыўдың бес тийкарғы жөнелеси бойынша Ҳәрекетлер стратегиясы ислеп шығылғанлығы ҳәм ол 2017-жылдан баслап әмелиятқа ендирилип атырғанлығы жәмийетимизде инсан факторының биринши орынға қойылғанлығының айқын дәлили болып табылады [2].

Жәмийетте инсан еркинлигин тәмийинлеў ушын тек ғана мәмлекет емес, пуқараларды өзин-өзи басқарыў шөлкемлемлери, улыўма, барлық пуқаралық институтлар, бир тән, бир жан болып биргеликте жумыс алып барыўы керек. Бул мәселеде Президентимиздиң «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясын әмелге асырыўда, биз бурынғыдай, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў органлары-мәҳәллелер, сондай-ақ, мәмлекетлик емес, коммерциялық емес шөлкемлер, еркин ҳәм қалыс ғалабалық хабар қураллары жедел орын ийелейди, деп исенемиз» [1:141], деген баҳалы көрсетпеси де бизге үлкен турмыслық бағдарлама болатуғынлығы сөзсиз.

Ҳәзирги жәмийетлик өмиримизде пуқарлық институтлардың пүткил системасының кем-кемнен раўажландырылып барылып атырғанлығы болса, мине, усы ўазыйпалардың турмысқа ендирилиўиндеги дәслепки адым болып есапланады. Мине, усындай пухаралық жәмийет қурыўдағы әҳмийетли институтлардың бири – шаңарақ болып табылады. «Шаңарақ жәмийеттиң тийкарғы буўыны есапланады, соның менен бирге, ол жәмийет ҳәм мәмлекет қорғаўында болыў ҳуқықына ийе» [3:3].

Конституция бойынша түсиндирме илимий әдебиятлар менен Конституциялық ҳуқық пәни сабақлықларында болса оның пухаралық жәмийет қурыўдағы тутқан орны менен атқаратуғын хызметкерлерине айрықша итибар бериледи. Бул әдебиятларда көрсетилиўинше, шаңарақ - жәмийеттиң ең дәслепки таяныш дүзилмеси ҳәм өсип-өниўиниң үзликсизлигин тәмийинлеў тәризи» [4] болып табылады.

Шаңарақтың усындай муқаддеслик сыпатларын, яғный айтқанда, оның жәмийеттиң тийкарғы буўыны ҳәм дәслепки таяныш дүзилмеси болыўын тәмийинлеў идеясын бүгинги ғәрезсизлик дәўиримиздегидей көринислерде турмысқа ендириў бизиң ата-бабаларымыздың мың-мың жыллардан берли әрманы болып келди. Сол ушын да олар шаңарақ, шаңарақ ағзалары, оның қос арысы - ерли-зайыплылар, олардың өмириниң гүллери – ул-қызлары, олардың шаңарақты тутқан орны ҳәм ҳуқықы ҳаққында өз турмыс тәжирийбесинен келип шыға отырып, шаңарақ интизамы ҳәм ҳуқықы бойынша үлкен энциклопедиялық халықлық аўызеки нызам тәртиплери жыйынтығын дөретип барыў менен бирге, оны муқаддес мийрас сыпатында әўлатдан-әўладқа қалдырып отырған. Шаңараққа байланысы бул халықлық ҳақыйқый көзқараслар олардың аўызеки көркем әдебияты шығармаларында «өз үйим-өлең төсегим», «ер-қатын-қос арыс, қос өгиз», «атаның салған жолы бар, енениң пишкен тоны бар», «от басында отағасы», «уяда нении көрсең, ушқанда соны ислейсең», «ата көрген оқ жонар», «анасын көр де қызын ал» ҳәм т.б. сыяқлы мәнилерде өз сәўлелениўин таўып отырған.

Усы көзқарастан қарағанда, қарақалпақ халық дәстаны «Шарияр»дың да халық этнопедагогикасындағы тәлим-тәрбиялық көзқарaслардың пайда болыўы, қәлиплесиўинде тутқан орны оғада уллы. Себеби, бул дәстанда ортаға қойылған мәселелердиң шешилиўи менен сол тийкарғы айтылажақ ой-пикирди ашып бериўши қаҳарманлар образының жасалыў жолларына сер салып қарасақ, онда қаҳарманның индивид сыпатында туўылыў дәўирлеринен тартып жекке тулға болып қәлиплескенге дейинги барлық тәлим-тәрбия түрлери өз көркем сәўлесин тапқан. Бул тәрбия ҳәм тәлим түрлери, әсиресе, дәстандағы бас қаҳраман Шариярдың туўылыў, ақыллы, билимли, ата-анасына, ели-халқына, ағайин-туўысқан, дос-яранларына садық, мийирман, әдеп-икрамлы, мийнетсүйгиш, ҳадаллық, ҳақыйқатлық ушын гүресиўши адамгершиликли, сап ҳүжданлы инсан ҳәм әдил басшы болып жетилисиўи ҳаққындағы сюжетлик мотивлерде жүдә айқын көзге тасланады. Қулласы, дәстанда шаңарақ тәрбиясынан тартып, ол, мейли, әдеп-икрам, мийнет, ақыл, дослық, туўысқанлық, адамгершилик, тәбиятқа, ел-халыққа, Уатанға сүйиспеншилик тәрбиясы ма, тәбияттың, жәмийеттиң сырларын үйрениўге қызығыўшылықты өз ишине алған билимлендириў түрлери ме – барлық-барлық тәлим-тәрбия түрлериниң көринислери сәўлеленгенлигин көриўге болады.

Биз бул кишкене мийнетимизде, мине, усындай

тәлим-тәрбия түрлериниң бири - дәстанда сәўлеленген шаңарақ тәрбиясы, соның ишинде қыз балаларды турмысқа тәрбиялаў мәселесиниң ортаға қойылыўына тоқтап өтпекшимиз.

Дәстан сюжетиниң басланыў экспозициясына сер салып қарасақ, «Ўатан түсиниги шаңарақтан басланады» дегендей, тәлим-тәрбияның да барлық түрлериниң шаңарақтан, яғный ата-ана баўырында тәрбияланып атырған жас өспиримлердиң жүдә жас гезлеринен-ақ басланатуғынлығын байқаўға болады. Буны биз дәстан қаҳарманлары болған «қарағай бармақ, жезтырнақ, көңли дәли, көз ойнақ, аппақ, юпқа додақ» [5:15] үш жас өспирим қыз – Гүландам, Гүлсуўым, Гүлшаралардың шаңаракта турмысқа, яғный хожалық қурыўға қалай тәрбияланғанлықларын сөз етиўши эпизодтан айқын көремиз.

Жоқарыда келтирилген қызлардың тәриплеринен ерте дәўирлерден-ақ шаңарақ тәрбиясында қыз балалардың сыртқы сулыўлығына, әсиресе эстетикалық тәрбиясына үлкен әҳмийет берилетуғынлығы көзге тасланады.

Әлбетте, халық эстетикалық тәрбиясында тек сыртқы сулыўлық, сыртқы гөззаллық тәрбиясы менен шекленип қалмаған. Халық бул гөззаллыққа сай келетуғын ишки гөззаллықтың да болыўы зәрүрлигин жақсы түсинген. Сол ушын да ата-аналар өз қызларының ҳүсни-жамалының гөззал болыўына итибар бериў менен бирге ақыл, минез-қулқ, әдеп-икрам, кәсип-өнер ийелеў, мийнет тәрбиясына үлкен әҳмийет бөлген. «Шыққан қыз шийден тысқары» деген халық даналығын нәзерде тутып, қыз балалар балағат жасына жетер-жетпестен-ақ, оларды шаңаракта ҳаял-қызлар ислейтуғын аспазлық, қол өнери, тигиўшилик, тоқымашылық усаған барлық жумысларға уқыплылық пенен мийнет көникпелерин, яғный қыз балаларға тийисли кәсип сырларын ийелеўге бағдарлай баслаған. «Епли келин керек пе, сепли келин керек пе» деген түсиниклердиң келип шығыўы да қыз балалардың, мине, усы өнер сырларын қалай ийелеўине, яғный турмысқа тайын, яки тайын емеслигине, уқыплы-уқыпсыз болып жетилисиўине байланыслы келип шыққан болса керек.

«Адам мийнети менен гөззал» дегендей, барлық тәрбияның, соның ишинде мийнет тәрбиясының, улыўма, этнопедагогикадағы мийнет тәрбиясы да эстетикалық-гөззаллық тәрбиясы категориясын келтирип шығаратуғын түсиниклер системасын қурайтуғынлығы дәстандағы үш қыздың мына сөйлесиўлеринен айқын сезиледи:

*«Енди үлкен қыз (Гүландам – Е.А.) турып айтады:*

*- Сиңлилерим, мында келиң, гәпиме қулақ салың, кеўлимде бир исим бар, атам ықтыярымды берсе, қәлегениңе тий десе, Шаҳидарап мени алса, сәўгилик яры қылса, бир пилланың жипегинен, қырық мың адамға шәдир-шәмен тамам етип берер едим мен,-деди. Ортаншы қыз турып айтады:*

*- Апа, сен бийкар айтасаң,-деди. - Кеўлимде бир исим бар. Атам ықтыярымды берсе, қәлегениңе тий десе, Шаҳидарап мени алса, сәўгилик яры қылса, бир арпаның дәнесинен қырық мың адамға азық, ат жеми тамам етип берер едим мен,-деди. Кишкентай қыз (Гүлшара – Е.А.) турып айтады:*

*- Апалар, сизлер бийкар айтасыз,-деди. - Пашша сениң азық, ат жемиңе, шәдир-шәмениңе мүтәж емес. Бир перзенттиң дағы ушын, бир тырнақтың зары ушын, алтын тахтынан түсип, етек-пешини кесип, қәлендер сыпатында болып баратыр. Атам ықтыярымды берсе, қәлегениңе тий десе, Шаҳидарап мени алса, сәўгилик яры қылса, ҳақ миясар көрсе, Бийби Патпа, Бийби Айша, Бийби Мәрьям қолласа, бир кекили алтыннан, бир кекили гүмистен, бир ул менен бир қыз туўып берер едим,-деди»* [5:15].

Сырттан қарағанда, бул келтирилген мысаллардағы үш қыздың ҳәммесиниң де кәсип сырларын терең билетуғынлығын, турмыс қурыўға, хожалықлы болыўға, шаңарақлық-семьялық өмирге ақыллылығы ҳәм мийнет сүйгишлиги, ҳөнер ийелеўдеги уқыплылығы менен пухта таярлықларда келип атырғанлықларын көриўге болады. Бирақ, үшинши қыз Гүлшараның сөзинен қыз балалар тәрбиясындағы және бир әҳмийетли мәселениң сыры ашылады, яғный, оның сөзи бойынша, қыз балаларды шаңарақ турмысына таярлаўда тек әдепли, өнерли, билимли, ақыллы, мийнет сүйгиш, уқыплы етип тәрбиялаўдың өзи жеткиликсизлиги, улыўма, ол тек жақсы үй бийкеси болып тәрбияланып қоймастан, ал биринши гезекте, келешек ул-қызларымыздың, әўладларымыздың тәрбияшысы, муқаддес ҳаял – меҳрибан Ана болып тәрбияланыўы зәрүр екенлигин уғыўға болады.

Мине, усындай ҳәр тәреплеме тәрбияланған қыз бала ғана шаңарақлық турмысқа, үй бийкеси ҳәм ана болыўға ылайықлы екенлиги ҳаққындағы халық түсиниги Дарапшаның әўелги еки қызды емес, алтын, гүмис айдары бар бир ул, бир қыз туўып бергиси келетуғынын айтқан жақсы нийетли соңғы үшинши қыз – Гүлшараны өзине өмирлик жолдас етип таңлап алыў шешиминен де көринип турады.

Жуўмақлап айтқанда, бул кишкене эпизод бизге халқымыздың ерте дәўирлердеги шаңарақ тәлим-тәрбиясы ҳаққындағы түсиниклери, соның ишинде қыз балаларды келешек өмирге, турмысқа, жақсы үй бийкеси ҳәм муқаддес ҳаял – Ана болыўға тәрбиялаўдағы тәлим-тәрбия мазмуны ҳәм усыллары ҳаққында ҳәм солар арқалы халық педагогикасы халық турмысының ажыралмас қурам бөлеги екенлиги ҳаққында да кең мағлыўматлар береди.

**Әдебиятлар**

1. Мирзиёев Ш.М. Миллий тараққиёт йулимизни қатъият билан давом эттириб, янги босқичга кўтарамиз. -Т.: «Ўзбекистон», 2017.

2. Ўзбекистон Республикаси Президентининг «Ўзбекистон Республикасини янада ривожлантириш буйича ҳаракатлар стратегияси тўгрисида»ги ПФ-4947 сонли Фармони. // «Ўзбекистон Республикаси Қонун хужжатлари маълумотлари миллий базаси» веб-сайти – www/lex/uz.

3. Ўзбекистон Республикаси Конституцияси. -Т.: «Ўзбекистон», 1992.

4. Таджиханов У., Одилқориев Х., Сайдов А. Ўзбекистон Республикасининг конституциявий ҳуқуқи. .-Тошкент: Шарқ НМАК Бош таҳририяти, 2001.

5. Шарияр. Қарақалпақ халық дәстаны (Өтенияз ҳәм Қуламет жыраў варианты). /Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық, XIII том. - Нөкис: «Қарақалпақстан», 1984.

**РЕЗЮМЕ**

Ёш авлоднинг маънавий ва жисмоний ривожланишида, уларни баркамол ва мустақил фикрлайдиган қилиб тарбиялашда миллий қадриятлар катта роль ўйнайди. Халқ достонлари ёш авлодда яхши инсоний фазийлатларни қарор топтиришда муҳим воситадир. Улардаги ҳар бир сўз, воқеа-ҳодиса, қаҳрамонлар образлари халқ таълим-тарбиясини, унинг этнопедагогик қарашларини акс эттиради. Мақолада қорақалпоқ халқ достони «Шарияр» мисолада ёш авлод таълим-тарбияси масалалари қараб чиқилган.

**РЕЗЮМЕ**

Национальные ценности играют большую роль в воспитании всесторонне развитой, свободно мыслящей личности, в духовном и физическом развитии молодого поколения. Народные эпосы являются важными в обучении молодёжи лучшим человеческим качествам. В них каждое слово, событие, образы героев отражают содержание народного образования и воспитания и

дают сведения об этнопедагогических взглядах. В статье рассматриваются вопросы образования и воспитания в семье на примере анализа каракалпакского народного эпоса «Шарияр».

**SUMMARY**

National values play a great role in the education of well-developed, freely-thinking personality, in the spiritual and physical development of young generation. Folk eposes are very important in teaching the youth the best human qualities. Every word, event, heroes' images in eposes reflect the content of education and upbringing and they also give information about ethnopedagogical point' of view. The article deals with the issues of education and upbringing in a family on the example of the analysis of the Karakalpak folk epos «Shariyar».

## «ШАРИЯР» ДӘСТАНЫНДА МИЙНЕТ ТӘРБИЯСЫ МӘСЕЛЕЛЕРИ

**Е.К.Алламбергенов** – *еркин изленийши*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** ёшларни мустақил турмушга тайёрлаш, меҳнатсеварлик, меҳнат тарбияси, меҳнатсеварлик фазийлатлари, халқ меҳнат тарбияси, меҳнаткаш образи, меҳнат тарбияси ва одоб-ахлоқ, боғ яратишга интилиш, меҳнат ва экологик тарбия.

**Ключевые слова:** подготовка молодёжи к самостоятельной жизни, трудолюбие, трудовое воспитание, качество трудолюбия, народный взгляд к трудовому воспитанию, образ трудового человека, трудовое воспитание и воспитанность, интерес к созданию сада, труд и экологическое воспитание.

**Key words:** training youth to self-living conditions industriosity, labour upbringing, the quality of industriosity, folk view to labour upbringing, image of industrious person, labour upbringing and well brought up, interest for growing a garden, labour and ecological upbringing.

Өзбекстан Республикасы Президентиниң "Руўхый-ағартыўшылық жумысларының нәтийжелилигин арттырыўдың қосымша илажлары ҳаққында" 2019- жыл 3 майдағы ПК-4307-санлы карарының [1] орынланыўын тәмийинлеў, сондай-ақ, жасларды өзбетинше турмысқа дүньяға көзқарасы кең, актив пухаралар етип тәрбиялаў мақсетинде 2019-жылдың 31-декабрь күни Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң №1059 санлы арнаўлы карары менен «Үзликсиз руўхый тәрбия концепциясы» қабылланды.

Усынылып атырған концепция мазмунында улыўма орта билимлендириў стандарты ҳәм оқыў бағдарламалары оқыўшылардың жас өзгешеликлерине сәйкес түрде таяныш руўхый-әдеп-икрамлылық пазыйлетлерден мийнетсүйиўшилик пазыйлетлерин де қәлиплестириў зәрүрлиги көрсетиледи [2].

Ҳақыйқатында да, мийнетсүйиўшилик пазыйлетлери ҳәр бир адамның өз шаңарағында, жасаў орнында, аўылында, жумысында жәмийетлик тапсырмаларды шын кеўилден орынлаўы нәтийжесинде әмелге асырылады. Анығырақ етип айтқанда, Ана-Ўатанымыздың гүллеп жаснаўы ушын исленген хызметлер арқалы мийнетсүйиўшилик пазыйлетлери қәлиплесип барады. Сонлықтан болса керек, өзбек тилинде жәрияланган “Педагогика фанидан изоҳли луғат”та “Меҳнатсеварлик киши камолотининг асосий омилларидан бири ҳисобланади. У муҳтожликдан, аҳлоқий бузилишдан сақлайди. Меҳнат – умр сайқали, ҳаёт безаги. Меҳнатсеварлик туфайли обру-эътибор ортади, кишидан яхши ном қолади, инсоннинг ҳаёти сермазмун, сержило, баракали бўлади” [3:314-315] деп көрсетиледи.

Мийнетсүйиўшиликке бала кишкенелигинен баслап үйретиледи. Шаңарақта мийнетсүйиўшилик пазыйлетлери ҳаққында балаға ертеклер айтылып, дәстанлар оқып бериледи. Бала ертек ҳәм дәстан мазмунындағы мийнетке, мийнетсүйгиш адамлардың образлары менен танысыў арқалы өзинде мийнетсүйиўшиликке болған қызығыўшылықтың бүртиклерин оятыў мүмкиншилигине ийе болады.

Қарақалпақ халқы әзелден балаларды кишкенелигинен баслап мийнетсүйиўшиликке үйретиўди алып барылатуғын тәрбия жумысларының тийкарғы ўазыйпаларынан бири деп есаплаған. Әсиресе, өсип баратырған жас әўладқа әдеп-икрамлылық тәрбиясы мийнет тәрбиялары менен қосып алып барылғанда, оның нәтийжели болатуғынлығына өз исенимлерин пайда еткен.

Дәстанларды дөретиўши халық екенлиги ҳәммеге мәлим. Мине, усы халық барқулла ана-тәбиятқа болған адамлардың ең жақсы қатнас сыпатларын, өзинен соңғы әўладлардың минез-қулқында қәлиплестириў ушын нәсиятлап келген. Әсиресе, халық дәстанларында «Жақсыдан бағ қалады» деген рәўиятқа үзликсиз түрде әмел қылынып, жаслардың кишкенелигинен баслап бағ жаратыў ислерине актив қатнасыўына имканиятлар жаратылған. Усындай халық дәстанларының бири, «Шарияр» дәстаны болып есапланады.

Кишкенелигинде душпанлардың көре алмаўшылығының себебинен ата-анасынан айрылған Шарияр менен Әнжим өзлерин ул ҳәм қызы етип қабыл еткен Сасуўардың қолында тәрбия алады. Мектепте оқып илимдан болады. Деген менен, екеўи де өзлериниң мийнеткешлиги менен көзге түседи. Ҳүрметли Президентимиздиң «бес баслама» дегени сыяқлы, Шарияр да баслама көтериў ҳәм оны орынлаўға болған ықлас күннен-күнге раўажланып барады.

Дәстан мазмунында көрсетилиўи бойынша Шарияр он төрт өжире байлықтың мийрасхоры болыўына қарамастан, ең дәслеп өзиниң қанаатшыллығы менен көзге түседи. Шариярдың қанаатшыллығы атасының «Он төрт өжирениң гилтин, қулпын алсын» [4:63-64] дегенинде өз сәўлелениўин табады. Шарияр өз атасына он төрт өжире емес, өзине «жети өжирениң гилти, қулпы» [4:65] болса жеткиликли екенлигин билдиреди.

Әдеп-икрамлылық жақтан ҳәр тәрепleme тәлим-тәрбия алған адам болғанлығы себепли Шарияр жети өжирениң дүньясына мәсирип кетпейди. Ол усы дүнья-мал мениң ойнап күлиўиме жетеди деген ой пикирден аўлақ болады. «Қарақалшы кумарпаз»ларға қосылмайды. Керисинше, өзи баслама көтерип, өз алдына «бағ жаратаман» деген үлкен бир мақсет қойып, жети өжире ғәзийнени халықтың ийгилиги ҳәм келешеги ушын жумсағанды мақул көреди. Усы мақсетти иске асырыў ушын Шарияр Сарыдәрья деген жерге барады. Хызметкер менен күнликши шақырады. Адамлар бес теңге берсе ол он бес теңге, адамлар он бес теңге берсе ол жигирма бес теңге береди. Хызметкерлердиң көплигинен Шарияр елатына жап қаздырып, суў келтиреди.

Шарияр белли дийқанға айланады. Бағ жаратыў ушын қайсы нәлдиң жанына қайсы мийўа ағашының нәлин егиў кереклигин үйренеди. Отырғызылған мийўе нәллериниң аралығына, бир-бириниң өсип раўажланыўына кесент етпейтуғын тәреплерине итибар қаратады. Қарықты қаздырған ўақытларында оның енине, тереңлигине ҳәм дузиўлигине кеўил аўдарады. Теректерди, мийўе ағашларын тиктирген ўақытларында квадрат усылында ектиргенди мақул көреди. Бағындағы мийўе нәллериниң көгерип шыққанына қанаатланып қалмайды. Ол гүзли-бәҳәр ўақытларында мийўе бермейтуғын ҳарам шақаларын хызметкерлерге қырқтырып турыўды да есинен шығармайды. Соның менен бирге жаңадан-жана нәллерди тиктирип бағды көгерте бергенди өзине ылайық көреди [4:65].

Дәстанда көрсетилиўинше, Шарияр «Бул бағдың